

Pembastoe sareng
agen:
Priangan Koeloa
Bestuur Pasoeendan
Bogor.
di Tjandjoer
Bestuur Pasoeendan
Tjandjoer.
Priangan tengah
H. B. Pasoeendan
Bandjeng

SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun ka Tjabang Pasoeendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drotberf Soekoen, Tasikmalaja.

Pembastoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoeendan
Tjiamia.
Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoeendan
Soerabaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATAH
Red. Soer di Batawi
SOERADI RADJA

KARANGAN adreana ka REPAGTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanses deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Panggoes ADVERTENTIE:
Saka moest sadjajar sakolom 30
sen paling saeutik 10 djajar sakolom
Dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih . . . f 1,50 Locat Indonezia f 2 Dibajar tipjoen. Salambar 15 sen.

Decentralisatie Theorie-Praktijk.

Ten koedoe ditjaritakeun deui da sarerea oge pada oening, jen decentralisatie teh mimiti dilampuhkeunana ti meulien taon 1903, djadi geus tjempleng salawae taon nepi ka ajeuna.

Tjajakoeun ieu stoeran teh, estoe tinjak goepnomen anoe oelama pisan, nja eta pamoekeu lawang pikeun meup kana otonomie (zelfbestuur) sarta koe orang priboeimi koedoe katjida ditarinfakeunana.

Sanggusna-aja decentralisatie wet, toeloej madjoe salengkah, rada ised, nja eta, nja ontvoogding, dina taon 1917 lamoen teu salah, sarta nuoe didjieun pertjoeran nja afdeeling Tjandjoer, waktos didaieaman koe oeragan Wiranatakoesoema.

Demi gawana ontvoogding nja eta pikeun ngalalajahana soepaja kapala-kapala priboeimi digawe sorangan, oelah saemoe saemoe ditoeoengtoen bae.

Madjoe sakitoe teh dina waktos 1916-1908 = 13 taon; katjida pisan leukieknana. Katoerog toerog djaba ti kitoe teh, eta decentralisatie ngaw, keur tempat-tempat (kota) nee gjeleka nae, tiang Batawi, Bandjeng, Semarang, Soerabaja, dipilih sakoer meup geus gegek oerang asingana. Ti dinja beuki lila beuki ngarekahan, mapaj ka tempat-tempat noe rada gede tjara Mester, Bogor djung salianana.

Sadjeroning oerang ngalaladjoan eta praktikj decentralisatie sadjero 25 taon, snoe tembong 'ka lcar mah teu pati aja kamadjoeanana dina oeroes-oeroesan soesoenanana.

Poegeh ari boektina mah madjoe oge; geuning nilik kota Bandoeung sakitoe gedena, djalan lalitjin, gedong gedong araloes, nepi ka oerang priboeimina mah teu tembong da sisi djalan, noe aja meueusan, ngahokok njanj kewok di djoeroe bae. Tah eta madjoena sonnna??

Ari dina wet djung reglement mah tangtue beuki hadena, tapi kajaan elidus masih anger kitoe ti baheula sasatna, setemna ngan oekoer ti noe poek da teu awas. bakating koe ngan saeutik teuing, teu nimbangan kana lobana tjajah djawa. Sanadjan geus pada menta tinggal anger bae.

Koe nilik kajaan kieu, bisa oge lamoen aja noe wani mah, ueumleuk-keun kana ngarakeokna koloniale politik bae, moal sepi-sepi.

Djadi sakola 25 taon, teu atjan ketembong madjoena teh, beunang disalahkeun bakating koe belet moeridna, atawa ongeschikt goeroena, sala saeorang bae eta mah.

Kajaan soesoena lid gemeente pikeun oerang priboeimi teu atjan aja madjoena, ti taon 1926 geus aje deui djalan anjar anoe tjek Theorie pohara aloesna pikeun diadjar ngolah nagara koe sorangan teh, nja eta koe aja stoeran Raad-Kaboepaten tea, anoe elid-elidna sasat ngawoengkoel oerang priboeimi.

Koe aja atoeran ieu teh, beunang disoebet sakabeh anoe terpeladjar gede pisan ngaharepanana, sarta nja ajeuna mangsana koedoe singkil poepoerikil diadjar kana bagbagu nagara. Tapi koemaha dina emproza (praktijkna)?

Sakabeh intelektuelen beunang disoebet teleurgesteld kabeh, atoeran atawa papriy pamarentah anoe sakitoe hadena, bet boesna henteu meuhpeui. Poegeh, hener, lamoen ditanja mah, ngadjawab hade

deung aloes, tapi djoeransna anoe miloe tjampoer ka dinja snoe ngabangoen "Raad" tea, moal aja noe ngabenerkeun, ngarakeokna, lantaran teu laloesa tea.

Lain kabeh teu boesahan, tapi bagian noe gedena, noe teu aja laladjoanana, dengekeunana teh. Tah eta, koe kabajang oelah kitoe, tapi koedoe rata bae, atawa oelah katjida teuing gadjarna.

Ieu kasalahan, da lain salah goepnomen, diomeanana koedoe koe oerang pribadi oelah ngandelkeun bjoer.

Noeroetkeun pamanggih koering, anoe wadji pisan ngomean kajaanana soesoena R. Kaboeptek teh nja eta djoeragan-djoeragan anoe gede pisan kakawasaanana djung, pangarehna tjara djoeragan-djoeragan B.B. ambtenaar; kadjaba ti eta sakoer koe geus meunang pangadjaran (terpeladjar) sarta oeninga kana BENER.

Dina ngomeanana tangtue pisan oelah noeroetkeun rasa noe ka lampeodan koe koloniale politik atawa rasa hajang ngeunah sorangan, tapi noeroetkeun rasa anoe ditoeoengtoen koe maksoedna eta atoeran (instelling) nja eta matjikal diadjar marentah tea; djadi oelah noeroetkeun koemaha gjeleka sirah bae, teu bisa ngep, sorangan. Sahab, ari datang kana pahadreg Raad Kaboepten mah lain tjara kana undangan ngan oekoer "hamin" djung "ngadoa".

Tapi ieu mah koedoe pemlongkeun hodjah. Djadi lamoen tjek Ki Badan teu sanggoep lantaran teu kaawakan djung djadi halangan. tangtue di dinja teu koedoe daek, atawa hajang, da matak teu madjoe tea kana raadna.

Meureun sarerea aroeninga, koe matja kabar, atawa ngadangoe ti noe liar jen dina pilihan lid Provinciale-Raad di Djawa Wetan, aja 14 B. B. ambtenaar noe kapilih; leuwih ti teughanna Dalem woengkoel, djaba ti eta para Patih, ngan kaselapan koe Wadana hidji djung Tjamat hidji asana.

Tjaba mangga maranahan! Di maca rek bisana beresih kaeradan, da anggahotana kitoe. Djadi anoe sterk vertegenwoordigd teh ngan ka B. B. an bae. Mana ari particulieren? Mana handelaren? Mana landbouwers? Mana ari kisias? Mana Itoe, massa leu?

Kapan tjek dina anger-angeran oge, oenggal - oenggal groep koedoe aja wawakilna.

Ari ieu . . . ? Poegeh ari aja benoeman tea mah, di koemaha ari geus overweidigend noe kapilih, tangtue soesah rek njeun sjonanana.

Naon sababna noe matak kitoe? Teu aja lian kadjata ti salah di Raad Kaboeptenana. Eiidna bangsa kaum B. B. woengkoel; djadi koe sabab kitoe geus tangtue di Provincie oge moal neangau djoerig teu kadeuleu.

Naha eta teh bakating koe kaper-tjajaan somah pangkitoeana teh? Koe-riung teu bisa netepkeun tina bae ieu, ari lantaranana geus loba loeang tea. Dina saoesik samalik lamoen keuna kana bab bagbagu nagara, djoerig koloniale politik salawasna njili-woeri bae, teu daekeun neutraal. Sanadjan theorie sakitoe moherna, sakitoe aloesna, tapi pangasoet anoe mawa kana hartina babasan divide et impera, salawasna koedoe aja bae; beunang disoebet Si G-oeng-tjio eta mah, dimana aja tjengkoeng-tjengkoeng geung, di dinja geus unjontjo.

Saha-saha noe njeboetkeun hade

kana eta boeah pamahat lid Provinciale-Raad di Djawa Wetan, tjiri teu njaho di anger-angeran ka decentralisatie, atawa ingkar iman kabangsaan (teu boga nationaliteitsgevoel), sarta meoeng njaho kana theorie moe dimaksoed koe ajana ieu instelling.

Dina sagala roepa pamanggih goepnomen mah, "aees" ngajakeunana atoeran, tapi prakas sok ngaroe djak sentoe.

Paignan noe aja pakuunna, ajeuna-ajeuna baroga tjektjeklan non-cooperation, da eta praktek salawasna sok mintjoelak.

Oe Nany.

Pamendak.

Djalara kabawa ka parissaran, parantos 2 taon langkoeng sim koering aja di Bekasi, teu atjan terang kampoeng kampoeng anoe ajana di sakidoeleu Bekasina.

Kapareng keur hada, powe, sarta keur noedjoe longsong tina gawe, dina dinten Minggoe, isok isok sim koering ngahadja oelah ka kampoeng Rawapandjang, Rawaroko, Bodjongmenteng sareng Sepatan.

Mimiti leumpang toeroet djalen gede anoe brassa ka Tjileungu, doepi wangsoelna toeroet djalan ngampeng, maksoedna mah moeng koe hajang terang kajaan di eta 4 kampoeng bae. Ti ngawitan asoep ka eta kampoeng doegi ka wangsoelna deui ningal kajaan imah imah oerang kampoeng arang langka anoe gede, meh sada jana laleutik, henteu benten sareng saeung sawah, (tobat sanes ngahina) da sim koering oge sami bae toeng-gal djalma teu hadoeb, aja oge anoe galade imahna, namoeng imahna oerang Tjong hoo.

Aja deui noe kpendak koe sim koering di eta 4 kampoeng, manahoreng di eta kampoeng keuing disabteukeun pang saeurna tegalan, namoeng meh sadajana dipelakan "se-reh wangi" koe maskape "Ek Hieu" gadoehna Toean tanah Karangtjogok doepi fabriekna di Bekasi, aja oge tegalan anoe kusong henteu sakoemaha saeurna, dibanding sareng anoe parantos dipelakan koe sereb.

Djero hate sim koering, oepami ieu tegalan henteu dipelaku sereb, tada teuing bae ngadjadikeun kaentoengan ka oerang kampoeng, anoe ajuna keur sakuu saroesahna koe kahiroepan, bisa dipelakan polowidjo atanapi diharoeman, pikeun kahiroepanana sadidinten.

Koe margi parantos ngaroes tjape, oeroet ider ideran sim koering euren di hidji imah leutik, bari ngareureuh-keun tjape, pangangoeran nanja ka priboeimi: "Naon sababna imah-imah oerang kampoeng di dieu meh kabeh laleutik? Djeung naha eta tegalan-tegalan anoe legana sakitoe ngipik ngaplakna teh, anoe geus dipelakan sereb koe Toean tanah, naha tegalan hakua oerang kampoeng, atawa hakua Toean tanah? Doepi djawabna priboeimi teh: "Noe mawi di ieu kampoeng imah-imahna sadaja laleutik, lantaran koe sesah kahiroepan, sanes teu hajang gadoeh imah gede, dalah keur dahar oge katjida repotna, aja oge saeutik-outikeun kahasilan kenging melak ti kebon sorangan, roepa-roepa polowidjo kajaning, terong, katjang, bonteng enz, atanapi boeah boeahan didjoel ka pasar, kitoe oge henteu matak mahi kana njeun imah gede, moeng oekoer tjoekeup keur dahareun woengkoel, tempo-tempo ari keur teu aja pisan mah djoeleun ngongkrong

sadinten teu dadaharan, henteu benten sareng kajaan hagam, estoe koreh koreh tjok, sakapanggihna.

Doepi eta tegalan anoe dipelakan sereb koe Toean tanah, aja oge hakua Toean tanah, namoeng kasuseunuranana mah nja hak oerang kampoeng anoe memang asal toetoeoran ti para mojangna, saban taon majar sawa ka Toean tanah.

Kapoengkoer mah samemeh aja fabriek sereb, tegalan teh teu aja noe ngangoer. saban taon sok dipelakan roepi-roepi polowidjo atanapi dihce-maan, aja saeuhing teu ripoeh teu ing koe kahiroepan, keur dahar-dahareun bae mah, da katueudjang koe hasil polowidjo sareng hoema, doepi ajuna saporantosna di Bekasi aja fabriek minjak sereb tea, sok soema wonna tegalan hakua Toean tanah, dalah hakua, oerang kampoeng oge teu boeroeng didjabel koe Toean tanah, sanadjan noe aja girik sawana oge, soemawoutef anoe teu gadueh girik sawa mah, moeng oekoer ngakoe koe soengoe, ngeunahen naker, diakoe hakua toean tanah, da teu aja girik tea. Atoeh poos sasat leungit noe dipake tanggalan, pikeun tjari sasoeap nasi.

Moeng aja saeutik bentenna teh, doepi anoe njelek girik sawa mah, oepami bade didjabel pikeun dipelakan sereb teh, Toean tanah ngawoedjoe koe omong lemah lembot. sarta sanggoep mere pareroegi, kitoe oge teu matak tjoekeup pikeun salamina, sareng teu narimbangan kana hargana eta tegalan, estoe sadaekna bae, henteu mikirkeun kana kasoesah oerang kampoeng pikeun kahareupna, metakun skal pamikat sangkan oerang kampoeng noeroet, ma'loem Toean tanah, djiga koemaha oepami noelak kana kahajagna, nja koe bawaning heureut kanjaho, kapaksa golosor bae dibikeun, da sieup, kome eta mah ka anoe tadisa teu njekel girik sawa, henteu karena make omong lemah lembot deui, dipaksa bae didjabel, ateh teu madjar koemaha, da teu gadoeh kakoeatan naon-naon, moeng bati handjele noe aja, doepi ajuna karasa handjakalna, karasa karipoehanana, sasat poetoes kahiroepan gadoeh imah anoe rada mendingan oge, kapaksa didjoel, ladangna dipake ongkos dahar sadidinten, imah mah njeun deui bae, kadjeun leutik oge, asal oelah kahoeudjanan sareng kapanasan bae, anoe mawi di ieu kampoeng imahna laleutik.

Malah parantos aja kadjadian djalma anoe keukeuh teu daekeun mikeun tegalan ka Toean tanah, djalaran dipikir teu aja deui djalan kahiroepanana, koe Toean tanah toeros dimoesoeb, digertak koe roepa roepa gertakan, malah oepami aja mah sihoengna, meureun ditembongkeun sareng sihoengna, sangkan eta djalma mikeun tegalan tea, namoeng doeka koemaha ngontoeangna, da doegi ka ajeuna oge Toean tanah teu wanjeun melakan, diemoet, tjooi oepami kapoengkoer nahan mah, pirakoe snegan Toean tanah maksa onaman, da eta boeboehan di kampoeng anoe koerang loeang, teu ragam, hidji kieu doa kitoe. geuning ari kadoeboeng mah tara ti heula, ra'lejuu ti pandeuri, karasa pait peuhurna."

Sim koering sipandjang ngadenge-keun omonganana eta priboeimi, teu kinten milos karoenjana teh, koe ugemoetkeun kana nasibna si leutik teu koeur njeuhap, teu koe hanteu sak aja-aja bae noe djadi halangan ka maraeharana, anoe ngalantarakeun kasoesahna - sakitoe digentjetna koe Toean tanah.

Ras deui emoet kana perkelakan

somah-somah ti eta kampoeng, disanggakeun ka Kangdjeng Dalem Meester-Correlis, ngoedjoekeun teu soeka lantaran maranehanana gadoeb tegalan anoe tadina dikeunna sawa sataoes moeng f 1,50 oepamina, doepi ajeuna ditaekkeun djadi f 10. - sataoes, djalaran basana Toean tanah eta tegalan teh sok dipelakan sampen anoe lain saeutik kaentoengansna.

Ieu perkelakan parantos diparoes koe Bestuur di Bekasi, doepi adviesna disoehoenkeun Toean tanah teh, kenging naekkeun sawa takama kama teu kalawan aja paidin ti Pangagbeng, Toean tanah moeng aja hak moengoe, tjoeke 1/5 na tina kahasilan eta tegalan, moega moega ieu adviesan teh ditoeoet koe Pangagoeng.

Koe sim koering oge kaharti, tiasa djadi Toean tanah naekkeun sawa sakitoe gedena, margi parantos kaksir, jen eta djalma moal pikoeatun majar sawa sakitoe gedena, laoen lacaen oge daekeun mikeun tegalanana tea ka Toean tanah, nja bener aloes eta atoeran teh, meh teu djiga-djiga rek nganjaja.

Sim koering teu bisa madjar koe maha, da parantos kitoe djadina, tjek paribasa Malajo tea mah: "Nasi soedah jadi boeboer," hece di robihna deui, moeng eta bae kabajang reb ari ka anoe teu daekeun mikeun mah, oelah kabina bina teuing ngadjeunna nepamawadjan tegalan. da djabel koe Toean tanah, naha tiasa naon kahiroepanana somahna, toeroeg toeroeg sawah sawah didinj saeutik pisan, kitoe oge kasuseunuranana mah bogana Tjong Hwa. Lantaran djalma djalma tea teu tiasa ngebon di tegalan, nja kapaksa pakaranganana anoe moeng saemok noe geulis, dipelakan roepi roepi palawidja, aja noe dihoemaan. da teu aja tempat deui.

Kahajang teh tjing atoeb matak naon sing aja perasaan karenja saeutik mah, abong kena ka djalma bodo, angkeuhna teh ngan rek ngabobodo bae, sing emoet kapan eta djalma djalma teh djabi ti kedah ihtiar keur kaperloean roemah tangga teh, oge kapu kapapantjenan kedah majar koempenias, dina saban saban taon, mangka mangka bade dipendet pisan djalan kahiroepanana, beu atoeb tiwas, sasat nganjaja.

Tjiek hadja hadja Toean tanah Karangtjogok mah adil, daek roemawat ka somahna, namoeng ari dibanding sareng pamanggih sim koering anoe kasabat diloeboer, tebih pisan bentenna, sakoemaha boemi sareng langit, na di lebah mana adina? Moen enja oge adil toer daek roemawat ka somahna ngeroes kasoesahna. moal enja kabeh tegalan dipelakan sereb. Naha djalma djalma anoe sakitoe keur saroesahna teh bisa ditoeoeng tina kaentoengan minjak sereb tangtue moal. Dimana aja kapitalisme adil, sadajana oge kedjem.

Eta mah djalma anoe sok njeboet adil ka Toean tanah Karangtjogok, bane bae ponggawana, anoe parantos djilat ngoegoeng ngoegoeng, meureun miudingan kana lakoe lampahna Toean tanah anoe mahiwal tina Reglementna.

Moega-moega kapajoenna Toean tanah sing ati ati, oelah ngadjalakeun deui peta anoe matak ngaroe-geikeun somahna.

Koe bawaning sesahna koe kahiroepan di eta kampoeng, somahna noengtoetan parindah ka sedjen tempat neangan kahiroepan anoe saka-dar tjoekeup pikeun manehna hiroep di doenja, oelah doegi ka soesah koe dahareun.

Palantjoegan.

Panoehoen Redactie.
Pikeun ka pajoenna oepami ngadamel karangan kedah diserat sabenerah bae (olah boelak - balik) margi njessikeun ka Zetter.

Mileulenjankeun Dirg. Moh. Enoch, Dangdangoela.

1. Sadajana Irgatie personeel, sami dogkap mendakan gamparan, medalkeun ka kangen hate, liweng bade di kantoen, soemeredit raos disebit, lir raga pisah ujawa, njawa njata tangtoe, ibaratna teh gamparan, raga badag ibarat abdi personeel, Gamparan anoe ngaoeban.

2. Horeng kitoe ari titis toelis, heuteu kenging dianggo kahayang, menggah tjeuk tjiptaan hate, teu gadoeh raos sambotoe, gamparan teh enggal ngalih, wireh tina masih sujar, di Tasik ngawengko, soemawonten lamoen ningal, padamelan gamparan teu atjau rapih, sokolan boekaan anjar.

3. Sauget ewed estoe sedih kingkin, Tjitandoej mah katingalua unuaj, Tjileneur djiga ngalouger, Tjipah semoe ugangoeh, elah elih di tinggal ngalih, Tjipoetrapiangan widangdam, moen djalmi mah tangtoe, Agan-agan pileuleujan, Tjipoetradahji ngadji moedja moemoe-dji, gamparan parinan rachmat.

4. Henteu petot kanoe maha soetji, abdi-abdi personeel sadaja, moentang ka goesti jaug manon, moegi Allah noe agoeng, Gamparan teh djalar istri, piarang ginandjaran, di Soebang rahajoe, tebih tina pantja baja, ngolah ngolah midamel di irrigatie, kangge kaperloean rajat.

SINOM.

1. Fangot abdi sadajana, ngatoerkeun sembah pangbakti, moegi ageng sihaksama, gamparan djoeragan istri, dosa ageng dosa alit, moegi agoeng tjoekeop loemoer, sareng tjoekeun pidoea, salamet abdi sakalih, euggon njepeng padamelan ginandjaran.

2. Sadjabana tina eta, ieu sadaja personeel, roekoen goeoeb sadajana, medal tina ati wening, midamel hidji pertawis, minangka panginoet-ugemoet, namoeng saugit langkoedg nista, roepi barang awon lip, moega-moega gamparan kersa njandak.

Pais laeok.

Sanaos pribados oge saues teu terang, jenu iseng-iseng bangsa kieu teh parantos dipedar koe dir. Gelenjoe, moen teu lepat dina Sip. ping 7 November 1928; nanging andjeunna mah ngadongengkeun meuk baheula. Koetan anoe taladjakna kitoe teh sanes baheula bae, geuning ajeuna oge aja keneh. Pangna pribados wantoeu njebatkeun aja, kieu geura kate-ranganana teh; nanging poenten bae sarehna miloe ngarewong ngoeroes-keun bangsa tjektjek-botjek, mangka-ning dina Sip. teh keur rame ngeedag kana kaloeginaan alias kamerdikaan. Aeh bit ketang mangkaung si be lang mah sok teu koop, bungoen sieuneun naker ari ngadenge ketjap eta teh; sok bobol serebet bae lempat Ngalar ngidoel, mata tjoeung tjileung kawas monjet rek disoempit. Da bongan eta masih loba keneh bangsa hileud peuteuj, oepama diautep geus tangtoe sakadalon-dalon.

Kieu geura sadjarahna teh: Waktoe paibados ngulantoeng, mendak serut anoe aksarana geus teu pati sidik, nanging kenging keneh ari dibatja mah. Moeng handjakal eta serat teh hilap deui njimpenna. Oepami teu lepat ocina kieu:

Oetoen, koemaha awak di dieu tjageur? eta djung sarerea berekah; oge bapa ema di lemboer daramang.

Sadjabana ti eta koe eteb teh aja noe rek ditjaritakeun. Waktoe eteb ka Tjigerenglentik, bapa katatamoean koe manak. Atoeh dasar bapa ema katatamoean koe noe ti loahoer, moenggal pahiboet njajagikeun; meun- tjit hajam ngala laeok sagala roepa. Koe lantaran arandjeunna hade nga-

hormatna, menak teh teu kira kira soe-ka boengah sarta mitjonggalna; malah nepi ka toeloj pantjakuki sagala. Satamatna pantjakuki ditoeomboe koe ngalem pais laeok, soerna teh poeng- kil tjewah. Malah toeloj mariksakoen hidji-hidjina baiong kagoengan bapa, moel hade ari ngabohong mah da ka menak, nja toeloj koe andjeunna teh disebutan. Dina moelilna koe lau- taran moendoet, koe bapa dipangniir- keun noe galedo. Tapi roepana bae katagihan, djeung ongkoh menak tjonggal, heuleut sawatara poe ti harita, datang soerat ti eta menak teh; ari ocina bet moendoet deui bibit. Nja teu gaplah eta oge, oetoesan teh dina banikna ngadjingdjing. Ari antekna pisan, waktoe eteb geus balik, ngadenge bedja eta menak teh bet wani ngala koe sorangan tina balong noe di Waroetjondong, kalawan teu njarita heula ka bapa.

Tah koemaha tiutangan Oetoen kalakoenn kitoe teh pantja? Ari tjeuk pikiran eteb mah asa teu beda djeung ngoetil, njokot teu poepoeli heula ka noe boga. Toer koe oerang mah anoe katjida dipik apikna; nja eta keur perdjagaan bisi aja noe leuwih perloe. Kari-kari koe eta mah teu tuta psi- ni deui alah latan loe toguna.

Katjida pisan eteb teh handeueclna, nomer hidji radjakaja kolot digagan- pang, da moenggoeh noe masakat mah sakitoe oge gede pigeoneuana; nomer doea asa katjida teuing disa- pirakeunana, atong kena menak nganggo kasawenang-wenang.

Awahing koe kaget kana kalakoe- mana, rada oge ditalingteng; nja ngadenge bedja eta menak teg asalna papulidan ti Koelon, njangsungna di dieu oge salengah moeboes tjewah. Meureun Oetoen oge njubo boeboehan tjitjing di dajeh. Tapi keun bae ketah da moel koemaha; eteb keur pangawak awewe teh katoeroeg toe- roeg toena pangarti; ari wani bener lakati tapi masantren keneh. Ngan eteb mere pepeling, besook baring- soepagi djaganug geto, oepama Oetoen geus tjoeamarita, poma ieu teugekkeun meunang eteb tjoeal tjokel tina boe koe Pandji Woeloeng.

Moenggoeh anoe djadi radja, oelah kabitan teuing, koe banda tjatjah noe endah, bisi djahet pikir abdi, moen aja banda koering, noe aloes patoet di ratoe, pantes aja di menak, noe sigit aja di mantri, hade galeuh tapi koedoe saharjana.

Sarta miwarang noe lian, anoe bangkit djoel meui, oelah dakoe piwarangan, karana moenggoeh di koering, ati bandana adrih, lamoen digaleuh koe ratoe, teu bisi neundeun harga, tjatoerna ngan sedja bakti, djero ati ngoeloeuot hanteu katara.

Tapi ngarandeg pikirna, henteu niat njiar deui, barang noe aloes noe eudah, da bisi dipoendoet deui, tjajah teh tetep mistin, makajana henteu ladjoe, lamoen tjajah malarat, radja- na nja henteu sregh, radja wadjab njajah ka tjajah tjajahra.

Tah sakitoe eta teh toeladan hade katjida, pikeun anoe njekel nagara mah. Boeboelan anoe ngarungna oge bangsa loeloehoer toer alim, noe geus kamasahoer tina sagalana; moel boa ka roendajana oge tangtoe noeroen meureun.

Sadjabana ti eta aja keneh noe koedoe dilampahkeun teh nja eta koedoe bisa noengtoen si leutik, kala wan sabar adil palamarta, sing asak bobot pangajon timbang taradjo, djeung batoer koedoe saeojenan ngoe- dag djalan noe mangpaat, oelah pas- alia pikir, teugtoengna sagala mak- soed tara lakana Ari adat noe sam- poerna tea nja eta, noe njajah ka basana, noe njajah ka bangsa, djeung noe njajah ka tanah bali geus- an ugadjadina. Memang sagala bang- sa oge wadjab sarta koedoe ngamoe- moela tanahna sorangan.

Tah pepeling teteh teh sakitoe, poma koe Oetoen koedoe ditoengkoes dina djadantoeng, disochoen dina embou - embouenan, sangkan djadi djalma noe sampoerna."

Doenga eteb.

Sanggeus tamat dibatjana sarta kabartina, memang enja tjek raso- san pribados oge bangsa kitoe mah asa teu beda djeung tjopet, moen di- na sato oetjing atawa sero. Ngan handjakal teu dilaporkeun ka noe wadjab, sabab moen diantep geus angtoe katotoggojan, hantem bae oengas ingoes njoesoed noe hanjir- hanjir. Malah bisa djadi ajeuna mah geus dioendakan kana tjace bagdja atawa endog hajam. Meureun eta

rasa mokaha pedah boeni, tida taoe di komposoe djega, banjak orang jaug soedah ngerti.

Moen teu satah ieu mah asa adat djaman karadjan Belangbangan, toba bangsa habakti djeung oepeti teh. Atoeh sekrang mah soedah laen djaman, b ngsa begitoe mah koedoe geus ngaringkoek di moesieun keur tongtonan.

Oepama ditilik diilik-ilik disasar dirasa-rasa, boeki pisan noe njoeratan teh geus boga dadasar njajah ka bangsa, djeung njajah ka lemah tjaina. Katjida pribados panoedjoena, toer eta teh agewe, anoe tjeuk sakaol mah napsonea koerang ti lakati. Tapi boektina geus boga perasaan ngedal- keun lelemboetana anoe sakitoe mangpaatna lakonaneun sarerea. Ma- na komo dipihak lakati mah koedoe leuwih ti kitoe kalawan prakua. Oelah kangeuggunahan, anoe sare koedoe geuwat njaring, anoe nendoetan koedoe dikodjatkeun.

Sing inget!! ajeuna geus achir, sarerea koedoe pada saged pada sing- kil, dibarengan adat lakoe sinatria (redderlijk), ngoadag djalan kaloegi- naan. Sing bisa nepi ka matjakal ngadjalankeun titinggal nini mojang oerang, oelah ngandelkeun batoer bae.

Oerang sisi Tjikapoendoeng

E. I.

Societeit „Pasamoan - Pasoendan”.

Taksiran koering geus moel aja noe bireuk, jen di Bandoeng, dajual- na tanah Priangan, aja Societeit noe dingaranan „Pasamoan-Pasoendan”.

Eta soos teuing koe tik-tik-brek, matak isin koe babatoeran. Malah tisa toelan toekang mah, moen teu aja doeloen noe katjina mandjoerna mah, tanwande moesna, moelili ka djati, moelang ka asil.

Ari noe djadi panjakit doeka nana- haon, teu pati ngarti; da keur ba- heula mah, baheula oge teu baheula- baheula teuing, keur waktoe koke- djona noe dilihkeun ka Djawa tengah, asa teu kieu kieu teuing. Malah harita mah beunang disoetkeun katjida mandjoena, tandana noe matak koering bisa njeboetkeun madjoe, meh saban boelan diajakeun kalange- nan. Koe lantaran eta, barang tang- toe ngahodangkeun karesep ka le- denna.

Koemaha ari ajeuna? Krjida sabaliknana, koemaha atoeh da noe ngoeroena oge, tjuk bedja mah soempingna oge ngan oekoer tiloe boelan sakali.

Eue, atoeh ari kitoe mah leuwih ti paingan, malah sakitoe oge beunang disoetkeun soeboer hiroepna nilik kana ka actiefs nana noe djadi leidende personennana mah.

Tjing, atoeh dir. dr. bestuur, sing hawatos, da ari geus moesna mah saba noe boetoe. Djeungna deui, dir. dr. bestuur, kahayang teh sing aroeninga kana karesep leden noe seueur, entong ngagoegoeleng kare- sep leden noe katjida „suetiktina”; apan koe lantaran eta teh katjida matakna kana kasehatan soos. Boek- tina nja ajeuna, nepikeun ka aja soos pindah z o n d e r moepakatna leden, uoe djadi njawana eta soos.

Mending moen meunang tempat noe leuwih resmi, kitoe; koemaha ieu mah aja pasamoan njeungtjeu. Ari noe dipake karisi teh, teu aja deui ngan bok bilih ledenna beuki komo moeroedoelna.

Tapi asa gede kapertjajaan, lamoen noe sok digoggoeleng ajeuna (nja eta roepa roepa kitab lilikoeran enz) tea dileungitkeun, insja allah hiroep deui Pasamoan; A m i n.

Koe lantaran eta, sakali deui koer- ing ngarenglik ka bistir P. P., moegi kalersa itikoerih neangan djalan noe sehat, pikeun madjoena Pasamoan Pasoendan, babakoena pisan ngaleu- ngitkeun panjakit noe sok ngorowot kantong.

Dawala.

Ti Redactie.

Madjoe moendoerna pagoejoeban, sajaktosna goemantoeing kana kuka- tanana leden, nanging bestuur anoe kagoengan tanggalan ngabeberesna. Oepami sami lelewodehna kantenan lapoer.

Bestuur Pasamoan Pasoendan kan- tenan kagoengan hak pikeun ngawa- ler kana pameredihna Dirg. Dawala.

PAWARTOSAN.

Tatitna toekang gajoeng???

Teu atjan lila kadjadianana, di wewengkon Poerwakarta, kajauing di Kp. Oepas, Kp. Baroe, Sindangkasin, Tjipison, Selacurih djeung djaba ti eta, nja kitoe deui di wewengkon Krawang, malah nepi ka pasisianana, geus iboeer sallemboer, ear di oeng- gal desa, doemeh aja kadjadian anoe katjida aneuh. Nja eta gajoeng-ga- joengna oerang lemboer. anoe geus biasa dipake, madjar teh di djerna aja noe ngurawatan (aja noe noerihan) kawas tapak peso atawa beling. Moen meneran gajoeng tambaga atawa ka- leng, aja noe njirian koe tapak djajak.

Koe noe ahli tahajoe, madjar teh pangna eta gajoeng aja anoe njirian teh, soepaja oelah pahili lantaran tas diindjeun koe dedemit ti goenoeng Goentoer, basa pesta kakaoerang gajoeng. Soepaja oelah kawalatnatawa kusikoe koe dedemit goenoeng Goen- toer, gajoeng-gajoeng anoe enggeus ditjirian teh koedoe dipitjeunan bae.

Katjida reana djalma anoe pertjaja kana eta omongan teh, atoeh nepi ka rabeng gajoeng anoe diparitjeunan, rea anoe dipalih-pulidkeun ka soesoek- an atawa waloeangan.

Koe sabab gajoeng teh kabotoeh di oenggal imah, atoeh teu kira-kira bae pajoena anoe daratang gajoeng.

Moega-moega bae kapertjajaan anoe- atoeh kitoe teh, oelah nerekab ka noe leuwih djoel.

Aja-aja bae kanehan doenja.

Toekang tenoeng.

Aja bedja, jen Ass. Wedana Soe- kanagara geus nangkep hidji djalma anoe ngakoe asal oerang Pagelaran. Eta djalma disangka djadi toekang tenoeng, nerap-nerapkoun panjakit batoek gangsa. Waktoe dipariksa eta djalma geus ngakoe, malah njarita- keun geus boga doea tiloe moerid. Noeroetkeun pangkoemana anoe dipake bibit gangsa teh, nja eta getih (?) bangkong karadak, anoe biasa aja dipilemboerana.

Didjieu katjamatan.

Tjek anoe njarita, jen desa Takokak anoe ajeuna ngau dipalasaan koe Loerah djeung Mantri politie bae, baris didjieu katjamatan.

Moel didjieu katjamatan, lamoen sakira-kira koe pamarentah henteu katimbang gede kaentoenganana ti eta desa. Nambahan reana ponggawa nagara, tangtoe nambahan deui bah- roetengna, anoe asalna ti somah.

Harga poetjoeok enteh.

Matak karoenja ka anoe ngabaro- gan kebon enteh, henteu boga panglinganana. Geus sababaraha boelan katoekang harga daoen enteh di bewahan district Soeknagara sarta anoe dareukeut ka dinja, harhana henteu angger ngan naek toeroen bae, ti f 6.— naek ka f 10.— Ajeuna toeroen deui, malah sakapeung mah nepi ka koerang ti f 6.— Lain ngan toeroen harga bae, tapi katj- da pisan dititeneun nepi ka beun- ang metik teh koedoe dipilih deui (oud en grof—jong en grof—oud en fijn). Ari karereana anoe dibareu- lian koe pabrik teh ngan „jong en fijn” djeung „witpuntpluk” bae. Koe kadjadian anoe saroepea kitoe, tangtoe ngadjadikeun kasusahana ka anoe baroga kehon enteh, komo noe entehna enggeus dipetik mah, da ari kaha- jangna anoe meuli mah, poetjoeok enteh teh, koedoe doea lambar ka tiloe peko.

Manggh peurih tangtoe madjoe.

Koe lantaran karereana anoe baroga kebon enteh katjida ngarasa peurihna koe toekang-toekang enteh bangsa Europa, radjan hade tara boeroeng digogoreng da ngarah moer- rah tea, roepna bae ajeuna geus mimiti malakirik.

Oerang desa Tjirojan djeung oerang desa Takokak, ajeuna geus samioek ngadjadi hidji baris dipawe babare- ngan (njeun andeel?) rek ugadegkeun pabrik enteh, soepaja daoen entehna oerang Indonesia bisa digiling di pabrikna oerang Indonesia keneh.

Awas oelah gel-doeq tjessssss, teu moeng teu tjareuh.

Peupereuben baroto basa boga

niat ugadegkeun pabrik dina taoen 1920 henteu djadi. Tjing atoeh ajeuna mah laleugeur, sing toga kapeurih- ati, sing hajang madjoe tjara deu- ngeun.

Non Coepetie atawa teu nyarti???

Meunang bodja jen di Tjamis aja tina djalma anoe kapilih kana dj-di lid di Raad Kaboepten Tjamis, tapi kabeh nolak, henteu aja hidji noe daekna narina.

Non sababu anoe matak heuteu daraek djadi lid Raad Kaboepten, henteu atjan meunang bedja.

Koe aja kadjanan kitoe, nepi ka kapaksa Voorzitter R. K. (Boputi) make djalan sedjen, nja eta moeritel ka pamarentah soepa ngabenom bae.

Ari anoe dibenoom koe pam-rentah nja eta Ass. Wekana Pandjaloe.

Bisa djadi anoe henteu daraek djadi lid Raad Kaboepten teh oerang Pandjaloe: Dina nolakna teh, naha pedali boga dadasar Non Coepetie atawa aja sabab-sabab noe seeje... teu atjan bisa ditangtloekun.

Journalistiek.

Djoeragan Bakrie Soeraatmdja anoe anjar keneh pisan menta euron tina pagawean Gouvernement, mimiti ti tanggal 1 Januari 1929, baris djadi Redacteur tina ieu soerat kabar.

Koe sabab Sipatahoenan baris di- kaloearkeun saminggoe doea kali, perloe ditambahan saorangan deui anoe baris dioek. Njanglajreupan iuedja Redactie.

Spentikar Hadji.

Sanadjan dina taoen anoe katoekang toekang anoe arek ka Mekkah teh, meunang disoentik di mana bae ka repna, tapi noeroetkeun atoeran ajar mah, koedoe koe doer noe aja di palaboean bae, sabab, tjewah, rea anoe soentikanana henteu noeroet- keun sakoemaha mistina, djeung sof galedo teuing menta bajaranana. Koe sabab rea anoe henteu panoedjoe kana ieu ztoeran anjar teh, bisa oge di- nian disoentik di mana karepu, lamoen anoe rek ka Mekkahna teh awewe.

Persburau „APIWABI”.

Mimiti ti tanggal 1 Januari 1929, persbureau Apiwabi (Algemeen Pers.- Incasso.- Woning & Advies bureau Indonesia) di Tjibadakweg No. 38 Bankoeng, djadi Agent tina ieu soerat kabar pikeun di Priangan tengah.

Indonesia-Raja.

Indonesia Raja (lugoe dari kasem Protios bangsa Indonesia) ajeuna geus ditjatak make noot (soerat moe- sik) djeung make sar anoe maksoena ngahodangkeun rasa mikatjita le- mah tjai koe basa Malajoe. Ditjatak- na dina keretas anoe katjina aloesna, toeroeg-toeroeg dipapies koe garbar kaaloe-anana tanah Indonesia (sawah djeung tatangkalan). Oerang Indone- sia anoe ngarti kana noot soemawou, anoe resep kana moesik, nja kitoe deui anoe resep kana jalagoan Ma- lajoe, katjida perloena koedoe meuli, da harga na oge ngan f 0.20 toeroeg- toeroeg beubeunanganana oge rek diderunakeun ka Studenten Indonesia di Europa 10%, ka P. P. P. K. I. 10%, ka National Padyinderaj 10%, djeung ka Fakir fonds 10%.

Anoe ngaloerkeun W. R. Soeprat- man Publicist Weltevredes.

Redactie Sipatahoenan batoer noe- huen, nampa kiriman Indonesia Raja.

Anti Woeker Vereeniging.

Hatoer noehoen Redactie Sipata- hoenan geus narina hidji boekoe Handleiding ti Anti Woeker vere- ning. Dina eta boekoe ditjarita- keun koemaha akal tarakalna djeung koemaha djalan-djalanna Anti woeker vereeniging noeloeangan djalma anoe geus kabuilit koe woeker. Djaba ti eta rea-rea deui roepa-roepa katera- ngan anoe patali djeung hoetang pihoeung. Ieu boekoe harga na ngan f 0.75 keretasna aloes tjitakanana beres. Anoe ahli hoetang pihoeung mah, perloe pisan ngabogaan boekoe noe saroepea kitoe.

Goeroe Desa contra Loerah?

Tjioeng wanara mere badja, jen dina hidji poe Djoeragan Akmoed Goeroe desa Djangkoerang disaoer ka Kaloearahan (antara poekoel 7-8 sorok). Barang datang kasampak rea djalma djeung baroedak moerid. Gantawang

Loerah teh ngomel ka Goeroe dessa, madjar sok neunggeulan boedak di boro saka. Goeroe dessa moengkir henteu roemesa boga dosa noe saropa kitoe. Djalma rea di boeroean Kaloerahan ti-ggorowok, anoe njeboet pottingkeun bae leunggeunna, aja noe njeboet teunggeul deui bae djeung na rea deui. Kalkoean djalma noe kitoe koe Loerah teu digeunggeureunkeun. Ngan hadena bae harita henteu aja kadjadian kitoe kieu.

Igeknna Goeroe Desa nelengteung ka nibeud moeridna, saha anoe mangdoeukeun madjar sok diteunggeulan. Moeridna henteu aja saoearang anoe ngahoe, malah aja noe njeboetkeun, jen pangdatangna ka Kaloerahan teh lantaran di sauer lain niatna sorangah.

Lafnoep ieu bedja tea bener, tangtoe aja fitnah antara Goeroe dessa djeung Loerah. Koe anoe wadjib perloe dipapaj kateranganana, sabab bisik matak goreng temahna.

NAGARA DEUNGEUN.

Tina s. a. k.

HADRAMAUT.

Retram Thomas Wazir Minister perkara oerosan dooit ti Sulan Muscat (Oman) njuritakeun lalampahanana ka Hadramaut rek netapkeun (natoer) kakawasaan Inggris di dinja. Taji barang datang ka Dhufar (Hadramaut) katjida kagetna, jen kaeom Wahabi geus toga pangaroeh anoe gode pisan di lebah dinja.

KAIRO.

Waktos ngaradah boemina almar hoem Zaglul Pasha, politie bisa mang gihkeun soerat soerat sebaran (bewara) keur ka serdadoe Mesir, baris ngajakun Revolvtie (pemberontakan) dina tanggal 15 Oktober.

U.aja ti eta, politie manggih soerat soerat bewara pikeun ka Studenten di sakola sakola loehoer, anoe mak soedna soepaja maranehanana henteu sarakola deui (steking). Maksoedna steking pikeun maksa soepaja moeka Parlement deui.

Ieu soerat soerat bewara diparrah keun ka Opsir Doestisi baris dipariksa.

TRIPOLI.

Dina tanggal 21 September di Quadi Tutufahem geus aja pemberon takan, anoe ditampoel koe oerang Itali. Kaeom pemberontak aja 12 djalmu anoe pae: Oerang Itali 4 anoe pae djeung 1 deui kapula perangna, anoe opat deui tate.

Dina tanggal 2 October di antara Tabroek djeung Bardia djeung di Aglielis Ciargua geus aja kariboetan anoe katjida gedena, nepi ka aja 44 djalma anoe pae. Ti pilak sedjen 2 bangsa Itali anoe pae djeung 7 Askaris surta 11 djalma anoe tate, dina noe sakitoe teh aja 2 Opsir djeung 4 onder opsir.

Kariboetan deukeut tanah Mesir tangtoe pisan matak seber ka oerang Mesir, nepi ka baroga sangka baris nempoel Siwa, koma barang soerat kabar Fascist njeboetkeun jen asal asalna kariboetan teh ti somah kaeom pemberontak.

Koe sabab Radja Faod njaba ka lebah dinja, nepi ka pada njangka ngahadja njeun demonstratie anti Itali.

TIONGKOK

Aja bedja ti Shanghai jen Hsing Tejung Yuan geus ngaluarkeun bewara ka oenggal provincie, ngalarang oenggal - oenggal provincie henteu meunang njeun perhoeboungan djeung nagara loear, henteu kalawan puidin Pamarentah National.

Ieu larangan pikeun ngadjaga bisi matak henteu hade (ngaroegikeun) ka Pamarentah National, babakoena pisan pikeun ngadjaga katengtremanana Tiongkok.

Djaba ti eta, naon bae anoe rek di djalankeun koe provincie koedoe kanjahoan heula koe Pamarentah National.

UTRECHT

Prof. Boeke geus njeun biantara tina bab sakola sakola loehoer di Indonesia babakoera bab elmoe kadok tern. Ieu biantara ngan wengkoel keur noe palinter djeung Meische Faculteit bae.

Dina biantarana diseboetkeun jen ajeuna geus katjida reana anoe lajang ditoeleungan koe docter docter oerang Koelon (elmoe docter kakeolonan) tapi katjida matak handjakalna bangsa Priboemi anoe tamat diadjar na tina bab elmoe kadokteran saeutik

Toko „BENG”

tel. No. 2

TASIKMALAJA.

Sajagi roepa-roepa barang noe marodel, saperti sendok, garpoeh, peso media, peso lipet, peso tjokoer, sareng goenting mesin rambost, senesna ti eta nloadong lampoe baterij roepi-roepi merek. Eveready, Winchester, Simmons. Aja deui noe langkoeng model lampoe batte noe allt teu matak ridoe ageungna sami sareng dompet, teu kintea terangna, sareng mirah bargana ngan f 0,80. Tiasa reservena sajagi tina sagala merk.

Bedil B. S. A. ajeuna toeroen bargu, mangga aros bae ka toko Beng.

Ajeuna djaman kamadjoean, lamoenana bade ngarot oelah pisan ngaloeut tjal samaraangan aja eta tambana kedah ngagadoehna Filter (saringan tjal) noe matak ngawalagikeun kana salira.

Sadjab ti eta rowa deui barang-barang noe marodel sesah ditoeleusan lamoen ditrangkeun sareng roepina barang.

Sajagi roepi-roepi landong, sareng arak obat „Hippocrates.”

Schoonmakerij en Kleermakerij „Malah Mandar”

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengenan) ngadamel roepi-roepi sakoekaan anggeun pameget atanapi moerangkali medelna tiasa noemoelkeun sakoemaha kapalaj, sareng diajagikeun roepi-roepi awon.

Oge njalagan slop-slop, sendal-sandal spate-spatos keloe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedros noe kasar sareng noe saa.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

O. Sasmita.

Kleermaker M. SOEKARDI

Gang Bruijns & Thijssen No. 8. BANDOENG.

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoroet model baroe dan enak dipakerja. Ditangreng baik, lekas dan harga lebih murah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang.

Djoega ada sedia roepa roepa kaen.

Perloe pisan keur noe ka MEKAH.

Oepami ka Mekah katjida perloena njandak landong-landong noe perloe diaungo. Benteu raosna oepami ti oerang parantos toempak kapal, koma parantos soemping ka Nagri sanes mah. Sanes Nagri sanes hawana, saues deui rarasaaan badan. Djagi oelah doegi ka teu damang di nagri deungeun. Saena mah sajagi pikeun noeloengna.

Kadjeun teuing landong teu perloe keur andjeun nanging kenging diaungo noeloeng sobat-sobat atauapi noe sanes.

Ieu teh ibadah noe teu kintea saena Sajagi di Toko sim koering toromol diusi segala roepi landong kaperloean noe angkat ka Mekah. Oepami parantos ugaleuh ieu toromol tangtos ngarasa teugtrem, maal sieun biuh teu damang.

Mangga lae soemping ka Toko parios koe andjeun.

TOKO NIC MULLER

Goenoengladoe 15 TASIKMALAJA. Telepon No. 26.

Kapoer TEMBOK dan Kapoer SIRIH dalem BLIK.

Dari Fabriek - fabriek Kalkbranderij „Tjisaat” halte Tjisaat. Kalkbranderij „Preanger” halte Tagog apoe.

Kalkbranderij „Berg” halte Tagog apoe. Kwaliteitnja selamanja ditanggoeng baek! Soedah goedgekeurd.

Boleh pesen pada:

Directienja ANG SIOE TJIANG

Handel Mij.

Batavia, Bandoeng, Soekaboemi.

Telf. No. Btv. 740, Bdg. 1377, St. 183.

M. I. PRAWIRA - WINATA

Boekhandel - Drukkerij — Boekbinder - Lijstenmakerij. Katja-katja Wetan 132 — Bandoeng.

Parantos mah aja reboena pesenan anoe ditolak djalaran parantos seep boekoena.

Ajeuna parantos medal boekoena, anoe langkosng sae sa reng langkoeng mirah pangaosna, batan anoe kapoengkoer, uja eta boekoe:

Pangadjaran Salat.

Karangan

M. SASTRA'ATMADJA.

Anoe ngarang ibadah kalawan Iman, Mir'at sareng Hikajat Nabi Paras. Dina lebet saminggoe nanggal iasa,

Pangaos f 0,75 — Faranso di Post f 0,20 — Rembours f 1,40

Ieu boekoe kenging oge ti Bon.

KITAB FIQH dan TAFSIR QOERAN.

ALBOERHAN.

Kitab boekoem-boekoem ibadat Islam, kateranganja hanja dari Qoran dan Hadits bagian I f 1, — soedah terbit.

AL-FOERQAN, tafsir Qoran, pakai aiti letterlijk, arti rangkaian, noot arti ringkas, bagian I-II-III f 1, — telah terbit. Jang BAHASA SOENDA bagian I f 0,80 soedah terbit.

Tiga kitab itoe ajat Qerannya dan Haditsnja pakai hoeroef Arab berbaris dan artinja pakai hoeroef Latjn

Pesanlah atau memintalah tjontoh dari

„Persatoean Islam”

BANDOENG.

Toko Boekoe

TROMP DE HAAS

voorheen toko WEBER

DJALAN STATION No 12. * * TELF. No 13.

Sajagi roepi-roepi: Vulpenhouder sareng parobot sakola sareng Kantor Ngitjal penmas pikeun vulpen.

Preanger Chemicalien Handel

TASIKMALAJA

Sajagi katja panon model noe pang anjarna tina nekel, double sareng penjoer pangaos ti f 2,50 doegi ka f 80. — Sajagi mi-njak seungit ti Coty sareng Houbigant. Sajagi sigaret sareng soeroetoe merk Cadena.

Gramophon merk Odeon sareng platna roepi-roepi lagoe, sapertos lagoe Walanda, Malajoe sareng Soenda pangaos I plat f 2,50.

HATOER NOEHOEN

Ka soegri anoe saroemping waktos ngorebkeun Djoer. Prawira Iskandar Adj. Commies D.v.O. tilar doenja dina ping 15 Dec. 1928 lantaran tjilaka tina kareta mesin.

Wargi - wargina.

CURSUS MESIN TOELIS (Tien vingers blind system).

Sanggem ngadjar njerat nganggo mesin toelis, dina waktos anoe teu sabaraha lamina, doegi ka tiasa ngetik koe sapoe-loeh jamo, teu kalajan ningal letterna deui. Bajaranana mirah pisan.

Katerangan langkoeng paos, sae moendoet ka:

M. J. A. BOERHANOEDIN

Leersar Machineschryven Tjibadakweg No. 40 Poengkoereun bioscop ORANJE (Bandoeng)

BADE DIITJAL.

Hidji automobiel merk „Fiat” type 501, pangaos f 2000. —

Beh karetana nja kitoe oge mesinna sae keneh pisan.

Katerangan langkoeng paos sae moendoet ka kantor:

APIWABI

Tjibadakweg No. 38 Bandoeng.

TAN JOE AN TOEKANG GIGI Dimoecka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa - roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantas

kenel pisan, nepi ke masih kenel perloe make docter docter bangsa Walanda.

KOROPAK

Para Djoeragan Correspondenten (pembantoe) Sipatahoenan di loeureun dajuh Tasikmalaja, anoe sakiuteu perloe nganggo "Pers-kwart", disoehoenkeun moegi kersa enggal ngintoenkeun ka Redactie doea potretua, hidji baris disimpen di kantor Redactie, doepi noe hidji deui pikeun dina pers-kwart anggeun taoen 1929.

Djoeragan Tot zien (No. 247) Sindangbarang.

Moegi oelah alit galih, seratan Djoeragan anoe djoedoelema "The Royal Tjidamar" henteu tiasa dilobetkeun kana Sipatahoenan, doepi margina meh teu aja patalina sareng kaperloeuan atanapi kamadjeungan oemoem, moeng perkawis persoon bae, toeroeg-toeroeg henteu tjepak kateranganana, manawi moeng fitnah bae. Ngadamel deui bae anoe sanes, henteu kedah didangding.

Djoeragan Oerang Soenda (No. 112) Parigi.

Ngintoenkeun karangan oelah moeng nganggo parangko sabenghol (sapertos drukwerk) kantenan Redactie kedah majar dengdaana, djabi ti eta njeratna kedah sabelah bae, margi njesahkeun ka Zetter!

Anoe dimaksud dina seratan Djoeragan, langkoeng see parantos bae, margi parantos lami teuing.

Djoeragan M. W. di Muntok. Teu aja pamanganana, moeng pamoegei oelah lali bae.

Biantarana Djrg. Kartawidjaja di pasmoan Raad Kaboepaten Tasikmalaja

Djr. Voorzitter. Anoe mawi dina kempolan ping 15 October '28 djsim abdi teu rempag kana narik opcenten, djalaran seueur seueur pisan perkawis anoe teu kahartos, anoe maraksa narik emoeetan djsim abdi, kana teu rempag.

Ajeuna, reh kapaksa koe kaperloeuan, anoe roepina ngantjam kana ka beresan kaboepten, nja oerang belaan koemaha bae, tjindekna djsim abdi rempag kana narik opcenten teh, amoeng samemehna moega didaengeon naon naon kapuasaran sareng anoe teu kahartos koe djsim abdi kapoengkoer teh.

Djr. Voorzitter. Anoe djabi kapuasaran djsim abdi: Kahidji oerang ngagolaukeun teh, atanapi oerang sebat noe moeng terang bae, njaeta ngadabegrooting; noemoetkeun oengelina Ordonnantie oerang noe boga ngau. Namoeng boektina koe teuingkeut koe sluitpost; njaeta bae oerang teh noeroet-ooting taoen 1926 anoe di pamarentah, anoe tjeuk tebih kana njoemponan.

Djsim abdi bajang terang, alasan naon anoe koe pamarentah diauggo ngadamel begrooting, naha alasan baris tjepak koe sakitoe, atanapi artosna moeng aja sakitoe? Geura mangga tingali noe ageungna bae dina begrooting djalaran.

Djsim abdi terang pisan: ti taoen 1920 ka poengkoer soemawonten djalaran bagian A sareng B. Bagian C oge oenggal taoen dipangkeurkeun keurik sareng noe mijarana 1 koe rata-rata 2 K. M. soemawonten sasak sasak kongkolongan kongkolongan dipijara leres leres. Ti taoen 1920 ka dieu doegi ka ditampi koe oerang, meh teu dipijara pisan, doegi ka teu kenging dilwatan koe djalmi, nja ti wangkid harita sasak sasak di bagian C mah resakna teh.

Mana anoe diauggo alasan teh? oepami sapertos noe kasebat ti pajoen, alit teuing; sapertos noe kasebat ti poengkoer ageung teuing. Tengah tengahna: tetela teu tjekapna; atoech ajeuna mah mistina kedah woewoehan deui. Jaktos dina begrooting taoen 1926 aja kantoen f 19.000 anoe kedah disetorkeun ka pamarentah, eta mah sanes koe tjepak, moeng koe kakaliroean oerang bae.

Kadoea: Oerang diwadjikeun ngilari kaentoengan. Koe djalaran koemaha koe oerang dijarana, asa parantos sepeun pisan, koe bagian Provincie sareng pamarentah.

Oerang mah teu nja hidji djalaran kaentoengan anoe k-ninging diauggo toelang tonggong sapertos: Ojah, tjandoe, pakgade, waterleiding sareng sabangsana. Aja oge noe arageung sapertos padjeg rame-rame kendaraan. pasar sareng padjagalat rada asa-asa keneh bade njabatkeun toelang tonggong teh, margi: tiua kendaraan, dina taoen 1926 kapoengkoer djalaran ka Deudeul Karangnoenggal sareng Tjikatomas ditintjarna koe kahar sareng roda, doepi ajeuna meh woengkoel mobil-sareng prachtauto, sabaraha ngiranganana kaentoengan oerang. Ajeuna teu atjan karaos ngiranganana, margi si anoe garadoeh kahar sareng roda dina baringoenggeun keneh; rek diitjal, mirah; teu didjalankeun resak sareng woewoeh roegel; nja dikedureujeuhkeun dina kapaksa bae. Engke mah kapajoen tangtos moepona. Dina moepona, oerang noe ngararas roegelina.

Malah ka Deudeul oge span ajeuna parantos djalaran prachtauto kontrak, anoe niutjarna rata-rata sadinten 24 kali doegi ka ngareksak djalaran, namoeng abdi teu tiasa ujanggem naon naon margi eta kontrakna parantos ngabantoe ngomean djalaran oerang anoe mauawi doegi ka salsena teh aja welas reboe roepina.

Tina pasar sareng padjagalan, jaktos ageung doegi ka meh 1/2 na begrooting, Namoeng ka abdi henteu djabi kareugreugan, tiua ageung teuing; malah gadoeh emoeetan nganaha-naha ka pamarentah, naha bet ngantep ngantep teuing henteu njawad, sakitoe oerang parantos ngeunakeun sewaan noe langkoeng ti misti. Geura mangga galih: kaentoengan tina pasar teh dina sataoen doegi ka meh sam, sareng modalna. Naha aja di batoer anoe njewakeun adegan, anoe kaentoenganana sapertos oerang njewakeun adegan pasar?

Leuheung meunen oepami noe eta sewaan taen ngoroeng kana padjeg kowidna, kahartos oge, ieu mah da sewaan woengkoel. Soemawonten cepami ngemoetkeun djagal mah; memeh nampi artos teh, kedah majar heula: padjeg potong ka Pamarentah sewa padjagalan, ongkos mariksa daging sareng sewa pasar. Naha henteu kalapasan teuing anoe saroepe kitoe?

Se. Katiloe tina perkawis oerang dipaparin kabeugbeurat hoelang f 185.000. Kadjeun saer noe sanes sanes koemaha, djsim audi mah kahartos pisan, memangna samangsa oerang nampi inventaris, tangtos kedah sareng nampi hoelangna. Na moeng teu kahartosna teh eta naha doegi ka ngahoelang artosna nja hoelang gawena kedah ditauggoeng koe oerang.

Noe disebat hoelang artos nja eta noe f 185.000 tea. Noe disebat hoelang gawe; nalika

djalaran djalaran ditampi koe oerang sakomaha gamblongna, sasak sasak na noe teu aja sakaterang abdi oge aja likoerna. Naha eta teh koe pamarentah teu diauggo hoelang?

Doea-doeanana nja begrootingna: Ngajakeur inventaris noe ajeuna ditampi koe oerang kenging wartosna koe djalaran namboel.

Djalaran djalaran: Harita mah aja keneh padjeg Hoofdgeld anoe sakaterang djsim abdi padjeg eta teh woengkoel diantjokeun keur ngadjadi soepadas djabi kuseanangan kana lalar liwatna rajat. Ditambah koe sabagian tina padjeg roepi-roepi kendaraan malah opcenten deui 30%. Namoeng naha koe pamarentah teu dikaloerkeun? Kahartos, tangtos harita aja noe langkoeng perloe ubatan djalaran, wartosna mah duurtetoelag sareng parabol perang.

Anoe sapertos kitoe naha henteu djabi hoelang?

Sakaterang djsim abdi oepami salah sokna mah tetep djadinna hoelang, sapertos artos oerang keur balandja dapoer kantoen kantoen diauggo ngagaleuh raksoekan; eta si raksoekan teh teu meun kana lapar.

Nja kadjab i oepami Hoofdgeld sareng sabagian tina padjeg kendaraan sareng opcenten 30% teh, harita mah teu tjepak keur mirah djalaran woengkoel teh, margina oepamina sanes-kanten marahal, atanapi seueur teuing bandjur sareng oerang; eta mah sanes deui, audi moal tiasa njanggem non-naon, tangtos ditampi sareng kabingahan.

Ieu man roepi roepina oerang teu teu lepat deui lebet kana paripaos "katempoehan boentoek maeng teh".

Ngararas leukleuk, iraha atoech begrooting oerang teh baris sehatna? ngemoetkeun hoelang noe f 185.000, ditajaran sataoenana f 7420 mauawi poenahna f 25. taoenun.

Ngeureujeuh hoelang sasak sareng ngabatoekeun djalaran oepamina bae aja 20 sataoenana 2.2 panginten 10 taoenun, mangkaning noe nja ajeuna oge seuseueurna parante barobo.

Samboengun.

TECEL FABRIEK "NAJA"

Goenoengsabulah Tasikmalaja.

Sajagi roepi roepi tegel, le ton buizan (koelewoeng) sareng beton roosters. Pangaos sareng kaktian di tanggel ngabingahkeun. Prijs liist sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeug ngadjeug S. Najawilaga.

BADE DI ITJAL

1. Automobil merk "Hudson (7 zits) sae kenel pisan, boh motorna soemawonten karetana. Pangaos moeng f 2500.—
1. Motorfiets merk "Reading Standard", oge sadajana sae kenel, pangaosna mirah pisan moeng f 400.—
1. Tempat tanah di sisi Burgemeester Coopweg palih ti kidoel (Gemeente Bandoeng) ageungna 9500 M² a f 250.
1. Tempat tanah di sisi Burgemeester Coopweg palih ti kaler (Gemeente Bandoeng), ageungna 5600 M² pangaosna a f 250.

Keterangan langkoeng paos, sae moendoet ka APIWARI TJIBADAKWEG No. 38 (Bandoeng).

Menjewakan hak mengoempoelkan sarang boeroeng jang dapet dimakan jang ada dalam regentschap Garoet pada 29 December 1928 poekoel 10 pagi di kantor jang bertanda tangan.

Perdjangjian-perdjangjian sabar hari boleh dilihat ketjoeali pada hari Minggoe dan hari Raja, dari poekoel 9 pagi sampe 1 siang, dimana djoega bisa dapet keterangan lebi pandjang.

Menghatoerkan soerat pamasoekan laot-laotnja pada waktoe terseboet diatas.

Regent Garoet SOERIKARTALEGAWA

Batoer noehoen ka anoe parantos umpah ngagaraleuh Zakalmeusk 1929. Ajeuna bade dieueuran deui ngadamelna, tjawisan noe tarolih. Pangaosna? Ah, teu kedah ditarokkeun deui, mirah bae! Sanes f 1,— sanes f 0,50, teu sataen talen atjau moeng . . . f 0, 10

Eusina pepek sasih Walanda sasih oerang, manis pabingna hari besarna, oekoeran-oekoeran sareng roepi-roepi timbangan, raraban oge pepek, ngagoembirakeun moerangkali sareng sarib eng lajang. Enggal pesen, sepeun 31 Agustus parantosna. Oge sajagi Wajaug Poerwa IV.

Noe ngaloeurkeun

Toko Boekoe en Drukkerij

Tjitandoej v. h. Pasocndan

Tasikmalaja.

N. B. Noe ngagaraleuh ka Agent Agent teu kirang ti 5 bunggol 10 almenak ongkos vrij.

Moeng Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja anoe ti asa njoemponan kana kupulur para Djoeragan perkawis tjitakan kaisann: enggal, sae, sampoerna, pangaos sedeng. Samskanten tjitakan mangga enggal kintoeun kalena malak goembira. Margi Drukkerij Soekapoera mah diloeureun sareng dititikan moe anug para kos tabel, tina perkawis Drukkerij. O. E. L. A. H. L. A. L. I. Telephone No. 62 Singaperbangsa - Tasikmalaja.

Kitab Fiqh sareng Tafsir Qoer'an

ALBOERHAN

Kitab hoehoen-hoekoem ibadat Islam kateranganana woengkoel tina Qoer'an sareng Hadits, djilid I f 1.— parantos kaloear.

ALFOERQAN

Tafsir Qoer'an, nganggo hartosna noe saenjana (letterlijk) sareng hartosna noe henteu saenjana, nganggo katerangan pondok (noot) nganggo hartosna dipondokkeun, parantos kaloear djilid I II III f 1.—

Basa Soenda, djilid I f 0 80 parantos kaloear.

Eta tiloe kitab ajat Qoeranna sareng Haditsna nganggo aksara Arab, forisan sareng hartosna nganggo aksara Latijn (Walanda). Enggal pesen atanapi moendoet pertjeban ka:

„PERSATOEAN ISLAM” BANDOENG.

Ketoe Oedeng Makerij HALIM West Pasar straat 16 Bandoeng

Salamina njajngkenn ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batik sapertos batik Tjiamis Solo Banjorinas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3.— f 3.50 f 5.— sareng atermanna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng eindol ngawitan pangaos f 1.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Ti asa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng. 1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.— f 1.25 Model wiron lambih dina 1 Ketoe Oedeng 10.25 Oepami oedeng Dubbel tambah f 0.50. Sareng njajngkenn sindjang poleng gembosan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koolan.

Prijscourant teu sajagi.

INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regentsweg 22, Bandoeng.

Nampi samskanten padamelan anoe nganggo projekten pikenn samskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi, ka noe PANG AGEUNGNA.

TOKO EUROPA H. ABDOEL MOEGNI.

Stationsweg : : Tasikmalaja.

Sajagi sareng poleng SOETRA toelen tinoeenan Bandoeng. Pinggir sareng toempal bodas pangaos sakodi f 140.— sahiddjina f 8.—

Soetra pinggir sareng kapala teroes, noe pangaos f 95.— sakodi, sahiddjina f 5.50

Djabi ti eta roepi-roepi palekat tjap Korsi, Djerman kasar lemea pangaos mirah, moal koe noe sanes-sanes hal mirahna sareng toelenna.